

BABI

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa disebut mahluk nu ngabogaan budaya sabab paripolahna kauger sarta dipangaruhan ku budi jeung akalna. Pikeun ngabédakeun antara manusa jeung mahluk séjénna bisa katitén tina paripolahna. Koentjaraningrat (1990, kc. 9) nétélakeun yén “kabudayaan asalna tina basa Sansekerta nya éta *buddhayah*, mangrupa wangun *jamak* tina *budhi* anu hartina budi atawa akal”. Jadi, kabudayaan bisa dicindekkeun sakumna gagasan, paripolah jeung hasil karya manusa dina tatanan kahirupan masarakat ku jalan diajar.

Unggal kabudayaan anu aya di masarakat tangtuna merlukeun prosés ngawariskeun ka unggal generasi sangkan éta kabudayaan téh tetep kajaga. Prosés ngawariskeun budaya anu sipatna turun-tumurun tur geus jadi kabiasaan di masarakatna disebut salaku tradisi. Ieu hal luyu jeung katerangan Esten (1999, kc. 60) anu nétélakeun yén ”tradisi nya éta kabiasaan turun-tumurun sakelompok masarakat nurutkeun ajén budaya”. Tapi teu sakabéh tradisi nu aya di masarakat salawasna bisa langsung diwariskeun tur ditarima ku generasi saterusna. Perlu ayana gawé bareng antara generasi kolot jeung generasi ngora pikeun prosés pewarisan éta tradisi. Ku ayana pintonan-pintonan, konsisténsi pelaksanaan acara, tur pelatihan-pelatihan mangrupa cara pikeun ngajaga pewarisan hiji tradisi. Masarakat Sunda miboga sababaraha tradisi nu dijaga sarta terus dimekarkeun ku masarakatna. Salasahiji tradisi anu aya di Sunda hususna di Désa Waringin Kacamatan Palasah Kabupatén Majaléngka nya éta Babarit Désa.

Ieu tradisi téh diayakeun pikeun acara-acara salametan. Saperti babarit pikeun salametan nikahan, salametan nu keur kakandung, salametan lembur, jrrd. Tradisi Babarit Désa dilaksanakeun sataun sakali pikeun mapag panén. Sangkan panénna berhasil tur ngajauhkeun lembur tina mamala. Aya sababaraha acara dina Babarit Désa, nya éta tahlilan, mintonkeun carita pantun, sarta nyieun rujak bebek. Luyu jeung pamadegan Danadibrata (2006, kc. 45) nétélakeun yén

“Babarit nya éta dikir bareng, maksudna nyinglarkeun panyakit nular nu meujeuhna keur nerekab”. Nurutkeun Fatur Rahman spk (2007, kc. 42-43) anu disebut ku babarit téh nya éta hajat nyalametkeun (salametan) lembur. Carana, salembur nyangu kawas rék lebaran, diantarana nya éta nyieun tumpeng jeung rupa-rupa bubur ketan. Dipupuhuan ku kokolot lembur, ngariung di hij tempat atawa ngajajar sisi-sisi jalan désa sanggeus kokolot nyeungeut menyan, terus ngadu’ a supaya lembur reujeung pangeusina dijaga tina rupa-rupa musibat. Acara saterusna nya éta dalahar balakécrakan

Tradisi Babarit Désa kaasup kana tujuh unsur *universal* kabudayaan ku sabab ieu tradisi téh mangrupa sistem réligi jeung upacara kaagamaan sarta ngandung unsur kasenian. Salian ti unsur kabudayaan jeung kasenianana, dina Babarit Désa aya unsur séjén anu bisa dipedar, nya éta ajén palsapahna. Dina Babarit Désa aya ajén filosofis simbol jeung ajén mitos nu dipercaya ku masarakat, tur can kapaluruh sagemblengna. Naon-naon nu nyampak dina Babarit Désa tangtu miboga kasang tukang, maksud, jeung tujuan anu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol.

Pikeun nyangkem ma’na simbolik anu aya dina éta acara, tangtu waé kudu nyurahan ogé tanda-tandana. Demi élmu nu maluruh ngeunaan tanda nya éta sémiotik. Nurutkeun Zoest (1993, kc. 1), “sémiotik nya éta élmu nu maluruh ngeunaan tanda jeung sagala hal nu aya hubunganana jeung tanda”. Kiwari, widang sémiotik salaku élmu tanda beuki populér jeung beuki ngalegaan. Teeuw (2003, kc. 40) nétélakeun, yén “widang garapan sémiotik lain ngan semet ngulik élmu jeung sastra wungkul, tapi ogé aspék atawa pamarekan nu tangtu dina élmu seni (éstétika), antropologi budaya, filsafat, jeung nu lianna”.

Kaitanana antara budaya jeung sémiotika, Dumazier jeung Ripert (dina Zoest, 1993, kc. 124) nétéla keun yén “tingkat kabudayaan nya éta simbol-simbol aféktif, kognitif, jeung konatif anu ngahubungkeun manusa jeung dunya, masarakat jeung dirina sorangan dina mangsa peradaban nu tangtu”. Anu satuluyna Zoest (1993, kc. 124) ngadéfinisikeun “budaya salaku kaparigelan nu

dipiboga ku masarakat pikeun mikanyaho, ngainterprétasikeun, jeung ngahasilkeun tanda-tanda”.

Sangkan ajén-ajén nu aya dina Babarit Désa kaungkab sagemblengna, perlu diulik ngagunakeun élmu struktural-sémiotik. Nurutkeun Teeuw (1984, kc. 135), struktural mangrupa sipat tina struktur. Ulikan anu didadasaran ku struktur disebut strukturalisme,anu asal kecapna”struktur”, hartina nya éta ayana hubungan anu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*elements*). Ieu hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina pangamatan. Éta kaitan atau hubungan téh saéstuna anu nangtukeun sarta ngécéskeun saban-saban objék nu ditalungtik.

Panalungtikan ngeunaan Babarit kungsi dilakukeun ku Andri ti Prodi S2 Pendidikan Bahasa Indonesia nu judulna “Mantra Ritual Babarit: Nilai Budaya, Struktur, Konteks Penuturan, Proses Penciptaan, dan Fungsi serta Pelestariannya sebagai Bahan Ajar Apresiasi Sastra di SMA”. Ieu tésis téh medar ngeunaan mantra anu dipaké dina tradisi Babarit nu aya dina acara nikahan.

Sanajan objék anu ditalungtikna sarua ngeunaan Babarit, tapi ulikanana tangtu béda pisan. Dumasar kana kasang tukangna, panalungtikan anu bakal ditalaksanakeun téh ngeunaan tradisi Babarit Désa nu diayakeun di Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka saméméh musim panén. Dina ieu panalungtikan, teu saukur nalungtik prak-prakkan acarana wungkul, tapi ogé ngagambarkeun simbol/ma’na anu nyangkaruk dina éta acara nu satuluyna dipatalikeun jeung kahirupan mangsa kiwari. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Tradisi Babarit Désa di Kacamatan Palasah Kabupatén Majalengka (Ulikan Struktural-Sémiotik)”.

1.2 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan unsur budaya anu aya dina tradisi Babarit Désa téh lega pisan ti mimiti sajarah, prak-prakan, ajén-inajénna, pakakas, prosés *ngawariskeun*, jeung sajabana. Ku kituna, sangkan pedaran téh henteu méngpar jeung lega

teuing, ieu panalungtikan téh baris diwatesanan nalungtik pungsi, struktur, jeung simbol-simbol nu aya dina sasajén nu dipaké dina upacara tradisi Babarit Désa.

1.3 Rumusan Masalah

Sangkan anu dianalisis jeung dipedar dina ieu panalungtikan puguh ambahanana, ieu di handap diébréhkeun rumusan masalahna.

- 1) Kumaha kasang tukang jeung pungsi tradisi Babarit Désa nu aya di Desa Waringin Kac. Palasah Kab. Majalengka?
- 2) Kumaha struktur upacara tradisi Babarit Désa nu aya di Desa Waringin Kac. Palasah Kab. Majalengka?
- 3) Simbol-simbol naon anu nyampak dina sasajén nu dipaké dina upacara tradisi Babarit Désa?

1.4 Tujuan Panalungtikan.

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun acara Babarit Désa di Kecamatan Palasah Kabupatén Majalengka. Ari déskripsina ngawengku:

- 1) kasang tukang jeung pungsi upacara tradisi Babarit Désa;
- 2) struktur upacara tradisi Babarit Désa; jeung
- 3) simbol-simbol anu nyampak dina sasajén nu aya dina upacara tradisi Babarit Désa.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat tioritis jeung praktis. Pedaran ngeunaan mangpaat tina ieu panalungtikan diébréhkeun di handap.

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan paélmuan budaya Sunda, utamana pikeun aprésiasi budaya. Tina ieu

panalungtikan dipiharep bisa nyangking gembleran jeung pungsi nu nyangkaruk dina upacara tradisi Babarit Désa.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun:

- a. wisata budaya anu bisa dijadikeun asét daérah sangkan ngirut wisatawan lokal jeung deungeun;
- b. ngamumulé budaya Sunda sangkan bisa diwariskeun ka unggal generasi;
- c. inventarisasi budaya pikeun kapentingan masarakat jeung pamaréntah;
- d. pangajaran seni budaya sangkan generasi ngora wanoh kana budayana.

1.6 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu tésis, nya éta:

BAB 1: Bubuka ngabahas ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, watesan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina ieu bab, eusina ngeunaan kontéks tina masalah anu baris ditalungtik.

BAB 2: Ulikan tiori medar ngeunaan tiori-tiori anu aya patalina jeung acara Babarit Désa pikeun tatapakan analisisna.

BAB 3: Méthode panalungtikan ngabahas ngeunaan méthode panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun, jeung analisis data.

BAB 4: Analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan.

BAB 5: Kacindekan jeung Saran.